



Pou Piblikasyon Imedya: 26/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETAP KLE NAN ETABLISSEMENT RETRÈT SEKIRIZE POU ANPLWAYE SEKTÈ PRIVE YO

*Konsèy Pwogram Ekonomi Chwa Sekirize New York la te fè premye reyinyon li mèkredi 26 janvye a*

### *Aplikasyon Pwogram Ekonomi pou pran retrèt la kòmanse*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a reyinyon Konsèy Pwogram Ekonomi Chwa Sekirize (Secure Choice Savings Program) New York la. Sa a se premye faz nan etablisyon plan ekonomi pou retrèt ki sekirize pou anplwaye yo nan sektè prive New York la. Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon otòn pase a pou asire ke [Pwogram Ekonomi Chwa Sekirize](#), ke yo te adopte okòmansman an 2018, se yon pwogram ki otonòm epi aksesib pou travayè ki pa gen aksè ak plan retrèt ke anplwayè yo patwone.

"Pwogram Ekonomi Chwa Sekirize New York la asire ke anplwaye sektè prive yo ka ekonomize pou pran retrèt nan yon fason ki pratik ak nan yon pri ki ba", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Administrasyon mwen an angaje nan stabilite finansye ak siksè tout Nouyòkè yo, epi garanti ke genyen yon plan retrèt ki fyab se yon gwo pati nan misyon sa a."

Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Konsèy la nan pozisyon pou li kòmanse aplike pwogram nan kounye a, ki pral asire ke anplwaye sektè prive yo gen aksè ak yon plan ekonomi pou yo pran retrèt. Program Ekonomi Chwa Sekirize a se yon pwogram ekonomi pou retrèt otonòm ki gen enskripsiyon otomatik ak dediksyon pewòl pou mtete nan yon Kont Retrèt Endivididyèl (Individual Retirement Account, IRA). Pwogram nan pral obligatwa pou pifò anplwayè yo ak anplwaye yo ka patisce nan pwogram nan nenpòt lè.

Pandan premye reyinyon jodi a, Konsèy Pwogram Ekonomi Chwa Sekirize ate mande Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance) pou atreprann aplikasyon pwogram lan. Depatman Taks la pral byento publiye yon Demann pou Pwopozisyon publik pou yon konsiltan kapab ede fè konsepsyon Pwogram Ekonomi Chwa Sekirize a. Sa a se yon etap enpòtan pou asire ke yo aplike pwogram nan rapidman epi kòmanse ede retrete Nouyòkè yo.

Manm Konsèy Pwogram Ekonomi Chwa Sekirize Eta New York aktyèl yo se:

**Chris Curtis**, Komisè Dezinye Depatman Fiskalite ak Finans lan

**Tom Nitido**, Kontwolè Dezinye nan Eta New York

**Shirin Emami**, Sipèrentandan Deziye Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS)

**Beth Finkel**, ki se Direktè AARP New York

**Lisa Sorin**, Prezidan Chanm Komès Bronx (Bronx Chamber of Commerce)

**Sekretè Eta Pwovizwa, Robert J. Rodriguez, te deklare**, "Lè li tabli Komisyón Konsèy Pwogram Ekonomi Chwa Sekirize New York la, Gouvènè Hochul ap vanse ak plan pou leve plizyè milyon Nouyòkè pou mete yo sou yon baz finansye ki an sekirite ki pral pèmèt yo viv yon fason endepandan lè yo pran retrèt. Antanke yon ofisyèl eli nan East Harlem, epi ki esponnsò prensipal pwojè lwa a, mwen te konprann nesesite pou tout Nouyòkè yo te kapab pran retrèt yo ak diyite, pandan n ap bay ti biznis yo yon opsyon ki fasil nan yon pri ki ba pou rann avantaj ki chanje lavi sa disponib pou tout Nouyòkè yo, epi avèk pwogram sa a NYS te pran mezi pou pote otonomi finansye ak ekite pou plizyè milye granmoun aje nan New York. Nan Depatman Deta, misyon nou se sipòte kòporasyon nou yo ak lisansye endividiyèl nou yo epi pwogram sa a se yon lòt zouti pou asire NYS ap sipòte travayè ak ti biznis yo nan eta nou an pandan n ap vrèman ouvè pou biznis".

**Senatè Diane Savino te deklare**, "Moun toujou panse ke yo gen tan pou ekonomize pou pran retrèt men anpil moun pa janm fè sa. Anpeche Nouyòkè yo vyeyi nan povrete se te objektif lè Manm Asanble épòk la, ki kounye a se Sekretè Deta enterimè Robert Rodriguez, ak mwen te prezante yon pwojè lwa plizyè ane pase pou kreye Plan Retrèt Chwa Sekirize NYS la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ki wè valè pwogram sa a, siyen amelyorasyon lwa sa a, epi rapidman rasanble konsèy la. Mwen espere ke manm konsèy la pral aji rapidman ak sajès pou yo reyalize plan sa a."

Pou plis enfòmasyon vizite [sit entènèt Konsèy Pwogram Ekonomi Chwa Sekirize New York la.](#)

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)